


# Pwosedi Karantèn Revize

Pou elèv nivo klas 6-12 ane eskolè ak anplwaye



## Pou Moun ki Pa Vaksinen

- Peryòd karantèn nan se 10 jou li ye kounye a.
- Moun ki pa gen sentòm ka fini karantèn yo aprè 10 jou, san yo pa teste e yo ka retounen nan lekòl/travay. Oswa retounen si yo bay yon rezilta tèst PCR ki negatif ki fèt nan jou oswa apre senkyèm jou yo te ekspoze a, e yo pa gen sentòm.
- Moun ki an karantèn yo dwe kontinye kontwòl sentòm yo pou jiska 14 jou aprè yo te ekspoze a maladi a.
- Si yon moun devlope sentòm, li dwe imedyatman izole tèt li epi kontakte doktè li.
- Pandan karantèn nan e aprè yo retounen nan lekòl/travay la, moun ki te enfekte yo dwe kontinye pran tout prekosyon pou COVID-19 yo, tankou mete yon mask, kenbe distans ak lòt moun, lave men epi evite foul moun.
- Nou ap kontinye revize pwotokòl yo pou n ka ofri opsyon pou peryòd karantèn ki pi kout.

## Pwosedi Karantèn pou Moun ki Vaksinen oswa teste pozitif pou COVID-19 nan espas 90 jou depi yo te ekspoze

Elèv ak anplwaye ki resevwa tout dòz vaksen yo oswa teste pozitif pou COVID-19 anndan 90 jou depi yo te ekspoze pap bezwen ale nan karantèn e yo ka rete nan lekòl/travay yo. Moun ki vaksinen yo dwe satisfè TOUT kondisyon CDC sa yo:

- De (2) semèn pase depi:
  1. yo resevwa vaksen yon sèl doz la, oubyen
  2. dezyèm dòz la si yo te pran yon vaksen ki gen 2 dòz.
- Yo rete san sentòm aprè dènye fwa yo te ekspoze a COVID-19.
- Moun yo pa abite nan kay an gwoup.

Si yon moun resevwa tout dòz vaksen li, e li pa satisfè TOUT kritè ki anwo yo, nou pap aplike pwotokòl karantèn pou moun ki vaksinen yo pou li.

REVIZE: 8 NOVANM 2021



# Pwosedi Karantèn Revize

Pou elèv nivo klas Jadendanfan - 5yèm ane eskolè



## Pou Moun ki Pa Vaksinen

- Peryòd karantèn nan se 10 jou li ye kounye a.
- Moun ki pa gen sentòm ka fini karantèn yo aprè 10 jou, san yo pa teste e yo ka retounen nan lekòl/travay.
- Moun ki an karantèn yo dwe kontinye kontwole sentòm yo pou jiska 14 jou aprè yo te ekspoze a maladi a.
- Si yon moun devlope sentòm, li dwe imedyatman izole tèt li epi kontakte doktè li.
- Pandan karantèn 10 jou a e aprè yo retounen nan lekòl/travay la, moun ki te enfekte yo dwe kontinye pran tout prekosyon pou COVID-19 yo, tankou mete yon mask, kenbe distans ak lòt moun, lave men epi evite foul moun.
- Nou ap kontinye revize pwotokòl yo pou n ka ofri opsyon pou peryòd karantèn ki pi kout.

## Pwosedi Karantèn pou Moun ki Vaksinen oswa teste pozitif pou COVID-19 nan espas 90 jou depi yo te ekspoze

Elèv ak anplwaye ki resevwa tout dòz vaksen yo oswa tested pozitif pou COVID-19 anndan 90 jou depi yo te ekspoze pap bezwen ale nan karantèn e yo ka rete nan lekòl/travay yo. Moun ki vaksinen yo dwe satisfè TOUT kondisyon CDC sa yo:

- De (2) semèn pase depi:
  1. yo resevwa vaksen yon sèl doz la, oubyen
  2. dezyèm dòz la si yo te pran yon vaksen ki gen 2 dòz.
- Yo rete san sentòm aprè dènye fwa yo te ekspoze a COVID-19.
- Moun yo pa abite nan kay an gwoup.


Si yon moun resevwa tout dòz vaksen li, e li pa satisfè TOUT kritè ki anwo yo, nou pap aplike pwotokòl karantèn pou moun ki vaksinen yo pou li.

REVIZE: 8 NOVANM 2021





# Pwotokòl Karantèn – Elèv/Anplwaye ki teste pozitif pou COVID-19 epi ki nan espas 90 jou depi yo te ekspoze a





# Pwotokòl Karantèn – Elèv/Anplwaye yo ki Pa Vaksinen Pou elèv nivo klas 6-12 ane eskolè ak anplwaye

Elèv ki te gen kontak dirèk avèk yon moun ki teste pozitif pou COVID-19



Èske elèv la gen nenpòt kalite sentòm?

NON



WI



Moun ka fini karantèn yo aprè 10 jou, san yo pa teste oswa si yo bay yon rezilta tès PCR ki negatif yo te pran nan jou oswa apre senkyèm jou yo te ekspoze a si yo pa gen sentòm



Elèv la dwe teste, rete lakay li, epi izole tèt li. Elèv la ka retounen lekòl apre izole tèt li pou 7 jou epi bay rezilta yon tès PCR oswa Cue ki negatif.

